



Pou Piblikasyon Imedya: 24/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TRANSFÒMASYON SISTÈM SWEN SANTE A NAN BROOKLYN

*700 Milyon Dola pou Ofri Sèvis ki Baze nan Kominote a ak Premye Swen*

*Devlope yon Rezo Swen Anbilatwa ki gen 32 Sit k ap Konsantre sou Swen Prevantif ak Byenèt*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse prèske 700 milyon dola finansman prim sibvansyon pou One Brooklyn Health - ki se yon nouvo sistèm swen sante inifye - pou sipòte efò eta ap kontinye fè pou l transfòme sistèm swen sante a epi ogmante aksè a bon jan kalite swen toupatou atravè zòn Brooklyn Santral la.

Investisman sible sa yo pral ranfòse etablisman swen sante onivo lokal yo pou konble eka aktyèl yo ak ogmante sèvis; devlope yon rezo swen anbilatwa ki gen 32 sit ki pral gen ladan patenarya yo pral fè ak pwofesyonèl swen sante ki deja baze nan kominote yo; epi transfòme sistèm swen sante a lè yo ogmante aksè a bon jan kalite sèvis ak swen prevantif. Anons lan ap ajoute sou inisyativ transfòmatif Vital Brooklyn Gouvènè a pou amelyore sistèm prestasyon swen sante a nan Brooklyn.

“Pandan twò lontan, disparite kwonik nan swen sante a te kontribiye nan povrete sistemik ki gen nan zòn Brooklyn Santral la, epi Vital Brooklyn se yon modèl nasyonal pou takle defi sa yo epi abòde tout aspè nan byenèt kominote a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman global sa yo ap kreye yon sistèm swen sante inifye, dirab pou responsabilize kominote defavorize depi lontan yo, sipòte sante ak byenèt pou asire yon avni ki pi briyan pou pèp Brooklyn lan.”

**Carl Heastie, ki se Oratè, te deklare,** “Pandan twò lontan zòn Brooklyn Santral t ap goumen pou yo defye sèk visye povrete a ki se konsekans plizyè ane neglijan ak souzinvestisman. Jodi a, nou pran yon angajman pou nou responsabilize kominote sa epi chanje rezilta inegal sa yo pou anpil jenerasyon k ap vini ankò. Avèk inisyativ sa, eta ap fè investisman estratejik konpreyasif pou ogmante aksè a bon jan kalite swen sante, amelyore swen prevantif epi amelyore prestasyon sèvis yo toupatou atravè rejyon an. Majorite Asanble a atann pou yo travay ak Gouvènè Cuomo ak patnè nou yo nan gouvènman pou nou asire chak Nouyòkè gen zouti yo bezwen pou yo viv lavi pwodiktif, an sante”.

Zòn Brooklyn Santral la se youn nan zòn ki pi defavorize nan tout Eta New York la, avèk to obèzite, dyabèt, ak tansyon ki sansibman pi elve, aksè limite a pwodwi alimantè nourisan oswa opòtinite pou fè aktivite fizik, to elve nan vyolans ak krim, gran inegalite ekonomik akoz chomaj, ak to nivo povrete elve, ak aksè inadekwat a bon jan kalite sèvis swen sante ak sèvis pou sante mante.

Konfòmman ak rekòmandasyon ki nan [“Etid Brooklyn: Restriktire Avni Swen Sante Northwell Health te fè a \(The Brooklyn Study: Reshaping the Future of Healthcare\)”](#), Sant Medikal Lopital Inivèsite Brookdale la (Brookdale University Hospital Medical Center), Sant Medikal Interfaith a (Interfaith Medical Center), ak Sant Medikal Jwif Kingsbrook la (Kingsbrook Jewish Medical Center) te fè patenarya ansanm pou yo kreye One Brooklyn Health, ki pral sèvi kòm yon sistèm prestasyon swen sante santral nan zòn Brooklyn Santral la.

Fon yo pral sipòte devlopman yon rezo swen anbilatwa entegre trè vas, modènizasyon konsiderab nan enfastriki ki nan chak twa etablisman lopital sa yo, ki gen ladan rann pwogram klinik yo rejyonal epi restriktire sèvis pasyan etènè yo, epi kreye platfòm teknoloji enfòmasyon pou swen onivo tout òganizasyon an nèt pou amelyore kowòdinasyon ak prestasyon swen atravè yon bon jan kalite sistèm prestasyon swen ki efikas onivo rejyonal.

Espesifikman, 664 milyon dola nan finansman yo bay One Brooklyn Health la pral sipòte:

- **210 milyon dola pou devlope yon rezo swen anbilatwa ki gen 32 sit:** Rezo trè vas sa a pral gen ladan patenarya k ap fèt ak pwofesyonèl swen sante ki deja baze nan kominote yo, pou ogmante aksè a sèvis premye swen ak swen prevantif yo nan zòn Brooklyn Santral ki gen plis bezwen yo. Yo prevwa nouvo etablisman sa yo pral ajoute apeprè 500,000 nouvo vizit swen anbilatwa pa ane, ki pral plis pase double kantite vizit ki genyen aktyèlman la nan zòn lan. Anplis de sa, nouvo rezo swen anbilatwa a pral:
  - Gen ladan patenarya ak kat Sant Ki Kalifye pou Resevwa Finansman Federal Brooklyn yo (Brooklyn Federally Qualified Health Centers, FQHC)— ki se Sant Sante Fanmi Bed Stuy la (Bed Stuy Family Health Center), ODA Crown Heights, Brightpoint Health, ak Sant Miltisèvis Brownsville la (Brownsville Multi-Service Center) - pou agrandi kapasite premye swen nan òganizasyon ki baze nan kominote a yo.
    - Konstwi pon pwogramatik ak inivèsite SUNY Downstate la epi sipòte misyon akademik ak vizyon Lopital Inivèsite a.
      - Entegre avèk nouvo devlopman lojman abòdab yo pral konstwi ozalantou twa lopital ki nan rezo One Brooklyn Health la yo pou yo gen ladan yo enstalasyon byenèt sou plas tankou swen ijan, premye swen, ak pratik espesyalite yo.
        - Kreye 255 nouvo djòb epi ede rekrute 300 doktè premye swen vin nan zòn Brooklyn Santral la, ki aktyèlman gen kèk nan to doktè premye swen pa kapita ki pi ba nan Eta a.

- **384 milyon dola pou amelyorasyon enpòtan fèt nan enfrastrikti klinik ak etablisman an yo:**
  - Brookdale pral sibi amelyorasyon konsiderab nan etablisman l yo pou kenbe wòl li gen nan kominote a kòm yon sant twoma, ki gen ladan devlopman yon nouvo depatman ijans, agrandisman sant sante kominote li a pou l ka akomode yon nouvo Inite Swen Itansif (ICU) k ap gen 30 kabann, ak devlopman inite swen pasyan adisyonèl yo - yo prevwa k ap ogmante kapasite Brookdale la de 100 kabann.
    - Lopital Interfaith a pral renove epi agrandi depatman ijans li an, ansanm ak devlope yon Inite Pwogram Ijans Sikaytrik Global (Comprehensive Psychiatric Emergency Program, CPEP) k ap sipòte entegrasyon sèvis premye swen ak sèvis swen sante konpòtmantal yo.
      - Lopital Jwif Kingsbrook la (Kingsbrook Jewish) pral vin tounen yon Vilaj Medikal avèk nouvo premye swen anbilatwa ak espesyalite agrandi, sèvis ijans, ak sèvis swivi pou swen egi yo. Atravè transfòmasyon sa a, Kingsbrook pral konvèti deseri pòsyon nan kanpis li a pou reponn a detèminan sosyal sante yo, ki gen ladan yon nouvo espas pou lojman abòdab ak espas kominote y ap bay.
        - Yo pral rezève 142 milyon dola nan 384 milyon dola sa a pou ofri One Brooklyn Health fleksibilite nan priyozasyon lòt pwojè amelyorasyon k ap fèt nan enfrastrikti klinik ak etablisman yo te soumèt nan aplikasyon yo a.
- **70 milyon dola pou kreye yon Platfòm Teknoloji Enfòmatrik pou Swen onivo tout òganizasyon an nèt:** Envestisman pou devlope sistèm teknoloji enfòmatrik pou swen onivo tout kominote a nèt la enpòtan anpil pou sipòte finansman pou One Brooklyn Health la, sistèm sa pral pèmèt devlopman yon sèl sistèm dosye sante elektwonik entegre atravè twa platfòm teknoloji ak rezo pwofesyonèl swen sante lopital yo, k ap mete sistèm swen sante a nan yon pozisyon pou l evolye nan nouvo mond refòm peman ak sante popilasyon an. An patikilye, nouvo platfòm teknoloji enfòmatrik pou swen an pral:
  - Sipòte pwosesis desizyon klinik yo nan yon fason efikas, amelyore kalite ak rezilta swen pou pasyan yo,
    - Devlope kapasite pou jesyon efikas swen yo epi kreye efikasite nan operasyon yo, epi
      - Pèmèt gen mezi inifòm pou detèminan medikal ak sosyal yo epi fè rapò sou yon seri de mezi rezilta estanda pou evalye siksè entèvansyon ke sistèm sante a ap atreprann yo nan yon fason efikas epi pou patnè ki onivo kominote a yo abòde detèminan sosyal swen sante yo ak enpak yo genyen sou estati sante kominote a.

Yo akòde fon kapital sa yo anplis de 320 milyon dola nan sipò operasyonèl anyèl bidjè aktyèl la bay la, ansanm ak 320 milyon dola ki nan bidjè egzekitif yo pwopoze a pou kat Lopital nan zòn Lès ak Santral Brooklyn yo, ki gen ladan Sant Medikal Lopital Inivèsite

Brookdale la, Sant Medikal Jwif Kingsbrook la, Sant Medikal Interfaith a, ak Sant Medikal Wyckoff Heights la. Y ap rezève rès 36 milyon dola pou prim sibvansyon alavni nan kad pwogram lan.

**Komisyonè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare,** “Gouvènè Cuomo te prezante yon vizyon agresiv pou swen sante nan Brooklyn nan Diskou sou Eta Leta li a epi avèk anons jodi a, nou fè yon pa pi pwòch kreyasyon yon sistèm prestasyon swen sante ki pral sèvi kòm yon modèl pou aksè ak dirabilite”.

**LaRay Brown, ki se PDG One Brooklyn Health la te di,** “Anons jodi a ap abòde bezwen enpòtan pou aksè a swen sante nan zòn Santral ak Nòdès Brooklyn yo. Investisman konsiderab k ap fèt nan Sistèm One Brooklyn Health la mete aksan sou angajman solid Gouvènè Cuomo kontinye pran anvè efò pou elve tout Nouyòkè yo. Yon popilasyon ki an sante se fondasyon tout kominote vyab epi nou aplodi Gouvènè a ak lejislasyon eta a yo paske yo rekonèt ke chak Nouyòkè gen dwa pou yo jwenn bon kalite swen sante”!

**Manm Kongrè Hakeem Jeffries te deklare,** “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, nou te deja fè anpil pwogrès nan kad amelyorasyon kalite swen sante Brooklyn lan epi dènye investisman sa yo pral asire chak gason, fanm ak timoun gen aksè a sèvis yo merite yo. Atravè inisyativ Vital Brooklyn lan, New York ap ofri resous yo bezwen pou mete kominote nou yo nan yon lòt nivo epi ofri bon jan kalite lavi amelyore pou tout rezidan nou yo. Nou remèsye Gouvènè Cuomo paske l wè potansyèl kominote nou an genyen epi paske l ap pran mezi pou ede nou konstwi yon Brooklyn ki meyè pase jamè avan”.

**Senatè Kevin Parker te deklare,** “Aksè a bon jan kalite swen sante te toujou yon pwoblèm inegalite enpòtan k ap ravaje kominote moun nwa yo tankou distri mwen reprezante an nan Brooklyn Santral. Se poutèt sa mwen ap aplodi Gouvènè Cuomo paske l franchi etap kouraje sa pou wè ke inisyativ Vital Brooklyn lan yo te planifye a fon an, epi jodi a, y ap reyalize la avèk prekosyon”.

**Senatè Roxanne Persaud te deklare,** “Pwogram pou ofri aksè a bon jan kalite swen sante yo se pilye prensip New York yo, epi yo ap abòde bezwen espesifik kominote nou an nan Brooklyn. Mwen atann pou m kontinye travay sou Vital Brooklyn ak Gouvènè a ak Konsèy Konsiltatif la”.

**Senatè Jesse Hamilton te deklare,** “Mwen felisite Gouvènè Cuomo ak tout patnè lidèchip yo ki te fè Vital Brooklyn rive atenn etap enpòtan sa jodi a. Lè nou sipòte sante ak byenèt moun Brooklyn yo, nou ap responsabilize katye nou yo pou yo ka simonte defi nou ap konfwonte yo. Investisman 1.4 milya dola k ap fèt nan Vital Brooklyn atravè planifikasyon enkliziv ki oryante anvè kominote a vle di asire patisipasyon global nan planifikasyon avni katye nou yo. Simonte defi disparite sante ak lòt pwoblèm sosyal yo prezante yo mande pou gen investisman ak kolaborasyon dirab ki kontinye fèt atravè kominote nou an. Investisman sa yo ranfòse travay patnè kominotè ki devwe pou atake defi sa yo – inovatè tankou sila yo ki fè patenarya avè m ak kòlèg mwen yo pou nou tabli premye sant teknoloji ak byennèt ki genyen nan yon lokalite lojman piblik Ozetazini, epi agrandi menm inisyativ “Campus” sa pou l rive nan plis katye ankò nan

Brooklyn Santral ane pase. Investisman sa yo pral pèmèt nou finalman reyalize pwomès pou yon Brooklyn ki pi pwospè pou tout moun lan”.

**Manm Asanble Nick Perry te deklare,** “Inisyativ Vital Brooklyn lan se yon pwogram inovatè k ap pote chanjman pou yon kominote ki nan bezwen. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York la ap fè trè gran investisman ki pral amelyore sèvis swen sante nan zòn lan yo nan yon fason konsiderab epi asire yon meyè avni pou rezidan ak timoun nou yo. Anons jodi a montre nou pa jis ap pale de sa sèlman - nou ap fè l pou Brooklyn”.

**Manm Asanble Jamie Williams te deklare,** “Vital Brooklyn se yon pwogram inovatè, global pou takle tout aspè byenèt kominotè nan youn nan kominote ki pi defavorize nou yo. Nouvo investisman sa yo pral transfòme swen sante ak byenèt epi ede responsabilize kominote nou yo. Mwen atann pou m travay ak Gouvènè Cuomo pou nou kontinye investi nan avni Brooklyn”.

**Manm Asanble Tremaine Wright te deklare,** “Inisyativ Vital Brooklyn lan reprezante yon apwòch global pou amelyore lavi rezidan nou yo. Modèl sa, Gouvènè Cuomo te lanse a, pwomèt l ap abòde bezwen ak defi ki gen nan zòn lan yo. Mwen aplodi Gouvènè a pou lidèchip li epi mwen atann pou nou kontinye travay ansanm pou nou sipòte sante ak byenèt nan Brooklyn Santral”.

**Manm Asanble Latrice Walker te deklare,** “Gouvènè Cuomo te fè revitalizasyon, transfòmasyon ak devlopman prestasyon swen sante nan kominote defavorize New York yo yon pilye nan administrasyon l lan. Pòsyon Transfòmasyon Swen Sante nan Inisyativ Vital Brooklyn lan pote resous investisman konsiderab ak sèvis pou kominote nou an k ap asire kòd postal nou pa dikte kalite swen sante nou resevwa. Nan non rezidan 55èm Distri Asanble a (Assembly District, A.D.) Mwen aplodi investisman ak devouman Gouvènè a pou fè trè grand diferans nan lavi tout rezidan nou yo, lè li ofri yon anviwonman kote gason, fanm ak timoun Brooklyn yo ka viv an sante, epi mwen atann pou pwogrè sa kontinye”.

**Manm Asanble Maritza Davila te deklare,** “Soti nan rekonstriksyon sistèm swen sante a nan Brooklyn Santral rive nan ogmantasyon aksè a bon jan kalite swen, inisyativ Vital Brooklyn lan reprezante yon apwòch global pou amelyore lavi rezidan nou yo. Modèl nasyonal sa a, Gouvènè Cuomo te lanse a, abòde bezwen ak defi nan zòn lan epi pote chanjman pou yon kominote yo te neglije pandan twò lontan. Mwen aplodi Gouvènè a pou lidèchip li epi mwen atann pou nou kontinye travay ansanm pou sipòte trajektwa kwasan Brooklyn Santral la”.

**Defansè Piblik Vil New York la, Letitia James te deklare,** “Malgre atak fiskal Administrasyon Trump lan ap fè sou New York, Gouvènè Cuomo ap fè investisman sibstansyèl na avni prestasyon swen sante nan Brooklyn Santral. Angajman Gouvènè a pran pou bay resous yo byen bezwen sa yo pral pèmèt nou fè tranzisyon soti nan yon modèl ki konsantre sou pasyan etènè pou pase a yon modèl ki konsantre sou aksè kominotè ak amelyorasyon rezilta swen sante yo. Biwo nou an te kolabore ak defansè kominotè yo, lidè ouvriye ak lidè swen sante yo, ansanm ak fonksyonè eli Brooklyn lan yo pou asire yo deplwaye fon sa yo nan yon delè rezonab. Mwen atann pou m travay ak

Gouvènè a ak kowalisyon lokal global la pou nou garanti siksè One Brooklyn Health ak inisyativ Vital Brooklyn lan”.

**Konseye Minisipal, Robert Cornegy te deklare,** “Inisyativ Vital Brooklyn Gouvènè Cuomo a ap itilize yon apwòch konpreyasif, global pou ede Brooklyn Santral jwenn aksè a pwogram ki enpòtan rezidan nou yo byen bezwen yo. Investisman sa a pral ofri plis aksè a bon jan kalite swen sante esansyèl pou rejyon sa epi pou rezidan nou yo devlope ak pwospere. Mwen remèsye Gouvènè paske l kenbe sante ak byenèt fanmi nou yo kòm premye priyorite epi paske l ap reyalize pwojè transfòmasyon sa a”.

**George Gresham, Prezidan 1199SEIU United Healthcare Workers East, te deklare,** “Pandan rediksyon swen sante onivo nasyonal la kontinye ap menase kominote New York yo, investisman sa se yon flanbo espwa pou fanmi k ap travay nan Brooklyn yo. Prim sibvansyon sa yo respekte angajman Gouvènè Cuomo ak lidè lejislatif yo te pran pou transfòmasyon enstitisyon swen sante ki nan zòn santral ak lès Brooklyn yo pou yo vin yon sistèm dirab ki baze nan kominote a ki pral chache abòde rasin kòz disparite swen sante yo”.

**Jill Furillo, RN, ki se Direktè Egzekitif NYSNA, te deklare,** “Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ak Lejislati Eta paske yo te atribiye fon nou byen bezwen sa yo bay lopital ki sèvi kòm filè sekirite yo ki pral fè pati rezo ‘One Brooklyn Health’ la yo. Efò Eta New York yo ap pi byen sèvi pasyan Brooklyn yo pase politik malavize, kriyèl Repibliken yo pwomilge onivo federal yo ki pral redwi finansman pou swen sante a epi fèmen lopital nan kominote vilnerab sa yo”.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosiyasyon Swen Sante Kominote Eta New York la, Rose Duhan te di,** “Inisyativ Vital Brooklyn lan poze fondasyon pou transfòmasyon prestasyon sèvis swen sante nan zòn santral ak lès Brooklyn yo epi l ap amelyore rezilta swen sante pou rezidan kominote sa yo. Sant Ki Kalifye pou Resevwa Finansman Federal yo jwe yon wòl enpòtan nan bay aksè a bon jan kalite swen sante nan kominote defavorize yo epi nou fyè pou nou sipòte inisyativ Gouvènè a, ki pral ofri finansman enpòtan pou agrandi disponibilite sèvis premye swen nan òganizasyon ki baze nan kominote yo”.

Yo te mete finansman disponib pou pwofesyonèl swen sante ki sitiye nan Konte Kings yo, ki gen ladan lopital jeneral yo, etablisman swen sante rezidansyèl yo, sant dyagnostik ak tretman yo, pwofesyonèl premye swen yo, ak pwofesyonèl swen adomisil yo, pou sipòte pwojè k ap ranplase etablisman ansyen ki pa efikas yo atravè fizyon, konsolidasyon, ak acha oswa lòt aktivite restriktirasyon dantrepriz ki gen entasyon kreye yon sistèm swen ki dirab sou plan finansye.

Pou yo resevwa finansman an, yo egzije pou aplikan yo demontre ke fason yo pwopoze pou yo itilize sibvansyon sa yo konfòm ak rekòmandasyon pou investisman nan etablisman apati rezilta yon etid pou restriktirasyon sèvis swen sante Depatman Sante a te bay lòd fè epi Northwell Health te prepare, ki gen ladan rekòmansyon pou pwojè yo dwe an liy ak vizyon swen sante global ki abòde detèminan sosyal sante yo atravè entegrasyon ak kowòdinasyon sèvis nouvo sistèm swen sante a avèk pwogram k ap ofri aksè a lojman abòdab ak lojman sipèvize, manje fòtifan, egzèsis nan yon

anviwonman ki an sekirite ak yon anviwonman solidè; ak/oswa lòt pwogram k ap amelyore eta byenèt nan kominote a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418